

## Tèt Ansanm: Yon diksyonnè angle konsekan



FILE

Lè de Ayisyens ap koze si youn ladan-yo di yon mo lòt-la pa konnen pi souvan Ayisyen ki pa konn a ap prese di ak repiyans: “M reyisi pa konn mo-sa-a. M pa janm tandè-l. Se yon mo nouvo oswa se ou-menm ki fè-l?” Men si menm de Ayisyen-sa-yo tap pale franse epi youn ladan-yo ta voye yon mo lòt-la pa konnen. Ayisyen ki pa konn mo-a oubyen kenbe mo-a nan tèt-li pou lal chèche-l nan diksyonnè franse lè li rive lakay-li oswa nan biwo-li.

Se vre Ayisyen letre konnen Ti Lawous Ilistre. Genyen menm ki konn Ti Wobè. Gen kèk pami-yo ki konnen diksyonnè

franse/angle. Gen lòt ankò ki konn dyksyonè Webstè ak dyksyonè Kolèj ameriken. Men konbyen nan pami Ayisyen letre-yp ki konnen agzistans yon dyksyonè ayisyen/angle/ Gen lòt dyksyonè ki rele kreyòl/angle men nou-menm kap ekri laang ayisyen-an toulejou nou pito sèvi ak dyksyonè ayisyen/angle Brayant Frimann ak Jowèl Lagè pran 19 ane pou prepare.

Ki sa ki distenge dyksyonè-sa-a? Repons-la soti nan jan se mesye-yo: yon ameriken ak yon ayisyen travay ansanm pou rive fè dyksyonè-sa-a.

Pou kòmanse Frimann di yo deside rele lang-lan “menm jan pèp italyen gen fyète rele lang-li italyen malgre resanblans li genyen ak espayòl epi franse, pèp nòvejyen rele lang-li nòvejyen malgre resanblans li genyen avèk swedwa epi dannwa.” Li di ankò: “Kreyòl se yon mo vag ki sèvi pou nonmen divès lang ki gen relasyon ak franse, pòtije, angle epi olandè ki sèvi ak mo ki pa gen anpil resanblans youn ak lòt.

Dapre Frimann lang ayisyen-an fè anpil pwogrè depi konstitusyon 1987-la te rekonèt-li kòm lang ofisyèl Ayiti avèk franse epi te deklare: “Sèl lang ki simante tout Ayisyen ansanm se lang kreyòl.” Frimann di alèkile ayisyen se lang politik, administrasyon, biznis, edikasyon, tèt ansanm entelekyèl, bèl sosyete epi relijyon natirèlman... Plis yap sèvi ak lang-lan plis mo nouvo ap rantre nan vokabilè-l.” Konsa, Frimann di, plizyè nan mo-s-yo ka jwenn plas-yo nan dyksyonè-sa-a.

Te gen yon lè moun ki tap etidye lang ayisyen-an te kwè pi fò mo nan lang-lan te

gen sèlman de oswa twa silab men konpitè” pase nan lang-lan tankou mo “jaden” Frimann kekyonnen gran mo tankou “privatizasyon” ak “demokratizasyon” epi mo ki pi kot tankou “pliralis” ak “iminite”. Men sa ki empòtan se pa si mo-a kout oswa si li long depi mo-a nesese pou esplike yon evènman kit nasyonnal kit entènasyonnal lap rantre nan lang-lan epi yon dyksyonè konsekan dwe rantre-l tou. Nou-menm nou kontan jwenn “modènite”, “modènizasyon” ak “globalizasyon” nan dyksyonè ayisyen/angle-a.

Malgre Frimann ak Lagè te kòmanse dyksyonè-a avèk tout respè pou langaj “moun andeyò” sitou yo vin konprann nesese pou yo rantre mo nouvo ki soti nan jagaj kotidyen ayisyen letre. Se pa toujou yon desizyon fasil men lang-lan pa ka kampe tann jouk lè pi fò ayisyen va konn li ak ekri. Se konsa premye edisyon dyksyonè ayisyen/angle-a te gen 35,000 mo an 1996. Yon twazyèm edisyon ki parèt nan ane 2000 gen 46,000 mo. Nou ka di vokabilè lang-lan ap fè pwogrè lap vin pi rich.

Pou kounye-a yon dyksyonè ayisyen/angle sèvi sitou pou moun ki koo ayisyen epi kap aprann angle. Li itil anpil tou pou tradiktè tankou nou ki sèvi avèk li toulejou. Se konsa nou konnen kalite-l ak konsekans-li. Moun ki vle sèvi avèk-li dwe konnen Frimann ak Lagè respekte òrtograf ofisyèl-la epi yo aliyen mo-yo youn anba lòt nan lòd alfabetik estanda. Nou ta pito aranjanman-an fèt dapre alfabèt lang-lan menm. Men nou pran abitud sèvi avèk dyksyonè-sa-a jan ye.

Nan premye koze dyksyonè-a Frimann rakonte li tonbe annamou avèk lang ayisyen-an depi 1985 lè li te vin fè yon vizit ann Ayiti pandan li tap prepare doktora-li lan inivèsite Yel. Apre plizyè vwayaj ki dire ant de semenn ak sis nwa nan lavil tankou andeyò divès kote nan peyi Ayiti li vin kòmanse anseye ayisyen epi etabli yon Enstiti etid ayisyen lap dirije nan Inivèsite Kannzas. Anne apre ane doktè Frimann pa janm sispann ranmase mo, ekspresyon ak patikilarite nan lang ayisyen-an pou li anrichi dyksyonè-a.

Doktè Frimann bay Jowèl Lagè anpil kredi pou reyalizasyon dyksyonè-a. Li di konbyen li kontan li te ka fè ayisyen-sa-a vin jwenn-ni nan Inivèsite Kannzas an 1982. Lagè anplis kolaborasyon-ni avèk doktè Frimann epi plizyè vwayaj ann Ayiti pou ranmase materyèl pou diksyonnè-a prepare yon doktora li-menm tou. Alèkile doktè :agè se vis prezidan Mongomeri Kolèj nan Marilann.

Men kolaborasyon-an ap pouswiv. Doktè Frimann annonse yap travay sou preparasyon yon diksyonnè angle/ayisyen. Nou pa bezwen di avèk ki enpasyans nap tann piblikasyon diksyonnè-sa-a. Anpil moun ki pale angle epi ki vle aprann ayisyen va kontan anpil tou.

Pwovèb jodi-a se: “FÈY MANYÒK SANBLE AK FÈY MAPOU MEN SONJE MANYÒK PAMAPOU”.

*Reprinted with permission from  
The Haitian Times*